

DDS

ENSTRIKSYON: Pafwa li ka difisil pou yon moun viv ak dyabèt. Dyabèt ka lakòz anpil pwoblèm ak traka epi gravite yo ka varye anpil. Pwoblèm yo ka varye soti nan ti traka rive nan gwo difikilte nan lavi. Nan lis anba a gen 17 kalite pwoblèm moun ki gen dyabèt ka genyen. Egzamine pou w wè nan ki pwen chak nan 17 bagay sa yo te ka boulvèse oswa deranje w PANDAN MWA KI PASE A epi antoure nimewo ki apwopriye a.

Tanpri sonje: nou mande w pou endike nan ki nivo chak bagay sa yo ka ap deranje w nan lavi w, PA sèlman si sa y ap pale de li a verifye nan ka pa w. Si ou santi yon kesyon pa yon pwoblèm oswa pa deranje w ditou, ou ta dwe antoure "1". Si li vrèman deranje w, ou ka antoure "6".

	Pa yon Pwoblèm	Yon Ti Pwoblèm	Yon Pwoblèm ki nan yon degre rezonab	Yon pwoblèm ki yon ti jan grav	You Pwoblèm Grav	Yon Pwoblèm ki Grav anpil
1. Mwen santi dyabèt ap pran twòp nan enèji mantal ak fizik mwen chak jou.	1	2	3	4	5	6
2. Mwen santi doktè mwen pa gen ase konesans sou dyabèt ak tretman dyabèt.	1	2	3	4	5	6
3. Mwen pa santi mwen gen konfyans nan kapasite mwen pou jere dyabèt chak jou.	1	2	3	4	5	6
4. Mwen santi mwen fache, pè ak/oswa deprime lè mwen panse a viv ak dyabèt.	1	2	3	4	5	6
5. Mwen santi doktè mwen pa bay enstriksyon ki klè ase sou fason pou m jere dyabèt mwen.	1	2	3	4	5	6
6. Mwen santi mwen pa t ap teste sik nan san mwen ase souvan.	1	2	3	4	5	6
7. Mwen santi, alafen mwen pral gen konplikasyon grav alontèm, kèlkeswa sa mwen fè.	1	2	3	4	5	6
8. Mwen santi mwen souvan ap echwe nan woutin dyabèt mwen.	1	2	3	4	5	6

	Pa yon Pwoblèm	Yon Ti Pwoblèm	Yon Pwoblèm ki nan yon degre rezonab	Yon pwoblèm ki yon ti jan grav	You Pwoblèm Grav	Yon Pwoblèm ki Grav anpil
9. Mwen santi zanmi oswa fanmi m pa sipòte ase efò mwen fè pou m pran swen tèt mwen (pa egzanp: planifye aktivite ki pa mache ak orè mwen, ankouraje mwen manje manje ki pa bon pou mwen).	1	2	3	4	5	6
10. Mwen santi dyabèt ap kontwole lavi mwen.	1	2	3	4	5	6
11. Mwen santi doktè mwen pa pran enkyetid mwen yo ase oserye.	1	2	3	4	5	6
12. Mwen santi mwen pa respekte rejim manje ki bon pou mwen ase.	1	2	3	4	5	6
13. Mwen santi zanmi oswa fanmi m pa konprann jan li difisil pou yon moun viv ak dyabèt.	1	2	3	4	5	6
14. Mwen santi mwen akable akòz egzijans ki gen lè yon moun ap viv ak dyabèt.	1	2	3	4	5	6
15. Mwen santi mwen pa gen yon doktè mwen ka wè regilyèman pou dyabèt mwen.	1	2	3	4	5	6
16. Mwen pa santi m motive pou m kontinye jesyon pwòp dyabèt mwen an.	1	2	3	4	5	6
17. Mwen santi zanmi oswa fanmi m pa ban m sipò emosyonèl mwen ta renmen an.	1	2	3	4	5	6